

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode mangrupa cara atawa léngkah anu penting dina ngalakukeun panalungtikan pikeun nyingkahan ayana bangbaluh nalika ngumpulkeun data, sarta réspón panarimaan ti masarakat kana hasil panalungtikan (Endraswara, 2011, kc. 173). Ku kituna, unggal panalungtik merlukeun métode anu luyu jeung tujuan dilaksanakeunna panalungtikan sangkan bisa niténan pasualan anu baris ditalungtik.

Dumasar kana wandana, ieu panalungtikan téh kagolong kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu datana atawa sumber datana mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan, hal anu ditalungtikna ditalaah leuwih jero sangkan bisa kacangkem ma'nana (Moleong dina Arikunto, 2013, kc. 22). Sacara gembler, pamarekan kualitatif miboga maksud pikeun maham sakumna kajadian nu kaalaman ku subjék panalungtikan.

Patali jeung pamarekan kualitatif, métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh métode déskriptif analitik. Panalungtikan déskriptif analitik nyaéta panalungtikan anu dimaksudkeun pikeun maluruh kaayaan, hiji kondisi, atawa hal séjén (Arikunto, 2013 kc.3). Salian ti éta, métode déskriptif analisis ogé mangrupa cara nu dilakukeun kalayan runtuyan ngadéskripsikeun fakta-fakta nu aya anu satuluyna dianalisis. Cindekna, métode déskriptif analitik ngaguar pasualan ngeunaan fakta-fakta anu satuluyna dilakukeun prosés analisis sacara teleb.


Fakta-fakta dina ieu panalungtikan téh, nyaéta data ngeunaan struktur carita, citra wanoja sarta kalungguhan dumasar hal sosial, atikan, jeung pakasaban nu kapaluruh dina novel *Kembang-kembang Antén*. Citra wanoja nu dipaluruh téh patali jeung paripolah sarta kajiwaan tokoh wanoja dina éta novel. Sedengkeun kalungguhan wanoja dumasar hal sosial, atikan, jeung pakasaban nu dipaluruh patali jeung kasang tukang tokoh wanoja anu ditepikeun ku pangarang ngaliwatan éta novel. Nilik kana éta hal, métode déskriptif analitik téh luyu pikeun dilarapkeun dina ieu panalungtikan.

Pikeun maluruh jeung nganalisis data dina ieu panalungtikan téh ngagunakeun ulikan struktural jeung féminisme. Ulikan struktural medar ngeunaan struktur carita dina novel nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Sedengkeun ulikan féminisme medar pasualan kritik sastra féminis idéologi nu husus nalungtik citra jeung kalungguhan wanoja dumasar kasang tukangna.

3.1 Desain Panalungtikan

Pikeun nyusun, nalaah, jeung medar sacara jéntré ngeunaan sumber data nepi ka nganalisis data perlu ayana desain panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 90) desain panalungtikan nyaéta rarancang kagiatan panalungtikan nu rék dilakukeun ku panalungtik. Ku kituna, perlu ayana desain panalungtikan téh pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka kacindekan. Tujuanna nyaéta sangkan ieu panalungtikan téh jelas prosésna sarta ngéntép-seureuh. Patali jeung éta hal, ieu dihandap baris didadarkeun bagan desain panalungtikanana.

Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Pikeun menang hasil panalungtikan anu rélevan, hal penting nu teu bisa lésokeun dina prosés panalungtikan nyaéta maluruh data jeung sumber data.

3.2.1 Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita, citra wanoja, jeung kalungguhan wanoja dina novel *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia.

3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc.172) sumber data panalungtikan nyaéta subjék anu dipaké pikeun jadi data panalungtikan. Ari nurutkeun Lofland dina Djaelani (2013, kc.83) sumber data dina panalungtikan kualitatif ngawengku kekecapan atawa dokumen séjén anu patali jeung objék nu rék dianalisis. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novel *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia wedalan Kiblat Buku Utama taun 2014, nu mangrupa citakan kahiji dina wangun novel. Sumber data séjénna anu digunakeun pikeun ngeuyeuban ieu panalungtikan di antarana buku sumber, artikel, jurnal, jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna nu ngarojong sarta anu aya patalina jeung ulikan struktural, ogé kritik sastra féminis idéologis.

3.2.2.1 Idéntitas Novel *Kembang-kembang Anten*

Judul Novel : *Kembang-kembang Anten*


Pangarang : Aam Amilia

Pamedal : PT Kiblat Buku Utama

Taun Medal : Citakan ka-1 Novémber 2014

Jumlah Kaca : 201

Warna Cover : Beureum semu bungur polét kembang



Gambar 3. 1 Novel Kembang-Kembang Anten

Novel *Kembang-Kembang Anten* mangrupa buku karangan Aam Amilia. Ieu buku téh mimiti dicitak ku PT. Kiblat Buku Utama taun 2014. Ari ditulisna mah taun 2012 (katitén tina titimangsana). Ieu novel téh kandelna 201 kaca. Ieu novel ogé tacan ngalaman citak ulang nepi ka ayeuna. Novel *Kembang-Kembang Anten* karya Aam Amilia ngagambarkeun kahirupan tokoh wanoja ngaranna Anten jeung Surtikanti. Ieu novel dianggap cocog dina ieu panalungtikan, hususna saupama ditalungtik maké kritik féminis idéologis anu museur kana tokoh Anten jeung Surtikanti salaku tokoh utama wanoja dina ieu novel.

3.3 Téhnik Panalungtikan

Pikeun medar sarta ngadadarkeun data ngeunaan struktur, citra, jeung kalungguhan wanoja dina novel *Kembang-kembang Anten*, aya dua téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Sutopo (2006, kc.62) téhnik ngumpulkeun data anu dipaké dina pamarekan kualitatif mangrupa léngkah dina meunangkeun data nu sipatna *dinamis*. Ku kituna, aya sawatara téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data nyaéta studi pustaka. Téhnik studi pustaka mangrupa kagiatan niténan, nalaah, sarta ngaidéntifikasi bahan bacaan nu aya dina dokumén, catetan, buku, jeung sajabana,

Rifa Nurlaili Rahmah, 2020

CITRA WANOJA SUNDA DINA NOVEL KEMBANG-KEMBANG ANTEN KARYA AAM AMILIA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG FÉMINISME)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pikeun ngeuyeuban data dina panalungtikan (Djaelani, 2013, kc.84). Téhnik studi pustaka téh dilakukeun pikeun nangtukeun data sarta maluruh data anu raket patalina jeung panalungtikan hususna ngeunaan sastra boh dina tiorina atawa sajarahna. Data nu dipaluruh ngeunaan citra wanoja jeung kalungguhan dina novel *Kembang-kembang Anten* katitén tina palaku anu nyaritakeun runtuyan carita boh sacara langsung boh ku tokoh dina éta carita atawa disebut fokalisator.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- 1) Maca novel *Kembang-kembang Anten*.
- 2) Maluruh téma jeung fakta carita (galur, latar, karakter, puseur implengan) dina novel *Kembang-kembang Anten*.
- 3) Maluruh citra wanoja (citra fisik, citra psikis) nu aya dina novel *Kembang-kembang Anten*.
- 4) Maluruh kalungguhan wanoja dumasar kasang tukang sosial, atikan, jeung pakasaban nu aya dina novel *Kembang-kembang Anten*.
- 5) Nyalin kana kode data sangkan data leuwih gampang diolah.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data hasil panalungtikan dikumpulkeun, léngkah saterusna nu kudu dilakukeun nyaéta téhnik ngolah data. Téhnik ngolah data mangrupa cara nu digunakeun dina panalungtikan sangkan hasil analisis data bisa dititénan ku ngagunakeun aturan nu luyu jeung pamarekan sarta *desain* panalungtikan anu digunakeun (Arikunto, 2013, kc.281). Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis jeung interprétasi.

Téhnik analisis nyaéta téhnik anu digunakeun pikeun nganalisis data. Sedengkeun data anu dianalisis mangrupa data struktur nu aya dina novel *Kembang-kembang Anten*. Sacara umum analisis data ngawengku tilu hal, nya éta: tatahar, tabulasi, jeung ngamangpaatkeun data luyu jeung pamarekan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 278). Tatahar mangrupa kagiatan mimiti anu dilaksanakeun dina analisis data. Tabulasi nyaéta proses ngahijikeun sakabéh data anu kapanggih. Data anu geus ditabulasi tuluy diolah dumasar pamarekan panalungtikan nya éta struktural jeung féminis.

Téhnik interprétasi nyaéta téhnik pikeun méré sawangan atawa tafsiran kana hiji data anu kapanggih. Ari data anu ditapsirkeun téh nyaéta ngeunaan citra jeung kalungguhan wanoja anu kapaluruh dina novel *Kembang-kembang Anten*.

Sanggeus data kakumpul, léngkah-léngkah pikeun ngolah data nu dilakukeun dina ieu panalungtikan nya éta saperti di handap.

- 1) Nyieun papasingan data, dumasar pamarekan struktural jeung féminisme.
- 2) Nganalisis téma jeung fakta carita (galur, latar, karakter, puseur implengan) *Kembang-kembang Anten*.
- 3) Nganalisis citra wanoja (citra fisik, citra psikis) nu aya dina novel *Kembang-kembang Anten*.
- 4) Nganalisis kalungguhan tokoh wanoja (sosial, atikan, pakasaban) nu aya dina novel *Kembang-kembang Anten*.
- 5) Ngadéskripsikeun, nafsirkeun jeung méré interpretasi kana sakabéh data anu kapanggih dina novel *Kembang-kembang Anten*.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc.262), instrumén panalungtikan nyaéta alat nu dipaké dina ngumpulkeun data panalungtikan. Aya sababaraha instrumén panalungtikan nu bisa digunakeun, di antarana nya éta: (1) tés, (2) angkét, (3) *interview*, (4) obsérvasi, (5) *skala bertingkat (rating)* jeung, (6) dokuméntasi. Ilaharna, instrumén anu dipaké dina ngolah hasil panalungtikan nyaéta dokuméntasi data-data primer anu rélevan luyu jeung masalah.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data digunakeun pikeun ngababarikeun milih jeung milah data nu kapanggih tina sumber data panalungtikan. Kartu data dina ieu panalungtikan mangrupa hasil analisis tina struktur carita novel *Kembang-kembang Anten* karya Aam Amilia, citra wanoja dumasar kana citra fisik, psikis, jeung kalungguhan wanoja dumasar kasang tukang sosial, atikan, pakasaban. Ieu di handap mangrupa conto kartu jeung tabél anu digunakeun dina ngolah hasil panalungtikan.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

1) Struktur Carita dina Novel *Kembang-kembang Anten*

Tabel 3. 1 Instrumén Ngumpulkeun Data Struktur Karya

| Téma | Analisis | Sempalan Carita | Kaca |
|------|----------|-----------------|------|
| | | | |

| No | Fakta Carita | Analisis | Sempalan Carita | Kaca |
|----|--------------|----------|-----------------|------|
| 1. | Galur | | | |
| 2. | Latar | | | |
| 3. | Karakter | | | |

| No | Sarana Sastra | Analisis | Sempalan Carita | Kaca |
|----|-----------------|----------|-----------------|------|
| 1. | Judul | | | |
| 2. | Puseur Sawangan | | | |
| 3. | Simbolisme | | | |

2) Citra Wanoja dina Novel *Kembang-kembang Anten*

Tabel 3. 2 Instrumén Ngumpulkeun Data Citra Wanoja

| No | Fokalisator | Tokoh | Citra | Sempalan | Kaca |
|----|-------------|-------|-------|----------|------|
| | | | | | |

3) Kalungguhan Wanoja dina Novel *Kembang-kembang Anten*

Tabel 3. 3 Instrumén Ngumpulkeun Data Kalungguhan

| No | Fokalisator | Tokoh | Kalungguhan | Sempalan | Kaca |
|----|-------------|-------|-------------|----------|------|
| | | | | | |

3.4.2 Instrumén dina Ngolah Data

- 1) Struktur Carita dina Novel *Kembang-kembang Anten*

Gambar 3. 2 Kartu Data Analisis Struktur

| Kartu Data Analisis Struktur (Téma, Galur, Latar, Tokoh, Puseur Implengan) | |
|---|-----------------------|
| 1. Kode Data | : SC / 1 / 1 / 25 / 5 |
| 2. Sempalan Carita | : |
| 3. Analisis | : |

Katerangan :

- (1) Kode SC nuduhkeun struktur carita
- (2) Kode 1 nuduhkeun analisis téma
- (3) Kode 1 nuduhkeun kana runtuyan data
- (4) Kode 25 nuduhkeun kaca
- (5) Kode 5 nuduhkeun paragraf

- 2) Citra Wanoja dina Novel *Kembang-kembang Anten*

Gambar 3. 3 Kartu Data Citra Wanoja

| Kartu Data Analisis Citra Wanoja (Citra Fisik & Citra Psikis) | |
|--|------------------------|
| 1. Kode Data | : CW / 1 / 7 / 137 / 5 |
| 2. Ngaran Tokoh | : |
| 3. Citra | : |
| 4. Sempalan Carita | : |
| 5. Analisis | : |

Katerangan :

- (1) Kode CW nuduhkeun analisis citra wanoja
- (2) Kode 1 nuduhkeun citra fisik wanoja
- (3) Kode 7 nuduhkeun runtuyan data
- (4) Kode 137 nuduhkeun kaca tina cutatan carita
- (5) Kode 5 nuduhkeun paragraf

3) Kalungguhan Wanoja Sunda dina Novel *Kembang-kembang Anten***Gambar 3. 4 Kartu Data Kalungguhan Wanoja**

| Kartu Data Analisis Kalungguhan Wanoja (Kulawarga & Masarakat) | |
|---|------------------------|
| 1. Kode Data | : KW / 1 / 7 / 137 / 5 |
| 2. Kalungguhan Wanoja | : |
| 3. Sempalan Carita | : |
| 4. Analisis | : |

Keterangan :

- (1) Kode KW nuduhkeun analisis kalungguhan wanoja
- (2) Kode 1 nuduhkeun kalungguhan wanoja
- (3) Kode 7 nuduhkeun runtuyan data
- (4) Kode 137 nuduhkeun kaca tina cutatan carita
- (5) Kode 5 nuduhkeun paragraf